

1

ANVAN LEKÒL

- Anvan mwen ale lekòl paran/responsab mwen pral evalye sentòm mwen;** si m genyen lafyèv ki rive nan nivo (100.4 oswa pi wo), yon tous, souf kout, pèdi gou bouch mwen, pa ka pran sant, e si m ap tann rezilta yon egzamen COVID-19, oswa mwen te an kontak avèk yon moun ki genyen COVID-19, mwen pral rete lakay mwen e paran/responsab mwen kapab kontakte doktè ki konn pran swen sante mwen an.
 - Si mwen rete lakay pou nenpòt sezon, paran/responsab mwen pral kontakte lekòl mwen.
- Lè m ap tann bis la, mwen pral pratike distans sosyal e mwen pral kouvri vizaj mwen***
 - Mwen pral itilize dezenfektan men lè mwen nan bis la e mwen pral kontinye kouvri vizaj mwen, e mwen pral chita nan plas yo di pou m chita a.
- Mwen pral mete aparèy distri eskolè a ban mwen an chak jou nan lekòl e mwen pral chèche mwayen pou li toujou konplètman chaje (avèk plòg yo ban mwen pou chaje li a) mwen pral pote kas/ekoutè mwen.**

2

SANTE E PWOTEKSYON NAN LEKÒL

- Mwen pral pote yon boutèy dlo lekòl e kapab ranpli boutèy dlo mwen pandan jounen an.
- Mwen pral kouvri vizaj mwen, ni nen mwen, ni bouch mwen e mwen pral fè l toutotan mwen nan lekòl la (sofke lè mwen ap manje e lè mwen gen pou ale nan aktivite fizik), e mwen pral pratike distans sosyal nan mezi ke mwen kapab.
- Mwen pa pral pataje objè avèk lòt elèv, enkli boutèy dlo, aparèy, enstriman pou ekri, ak liv.
- Mwen pral lave men m detanzantan epi/oswa dezenfektan men pandan tout jounen an
- Mwen konprann medsen lekòl mwen an pral genyen yon zòn izolasyon pou elèv ki montre sentòm COVID-19 e ki ap tann paran yo pou vin pran yo.
- Mwen konprann ke si yo detèmne mwen an kontak avèk yon moun ke yo detèmine ki gen COVID-19, yo kapab fè paran/responsab mwen mete mwen an karantèn lakay mwen pou jiska 10 jou.
 - Pandan tan sa a, yo espere pou mwen prezan nan klas men se nan fason vityèl, e fè travay mwen atravè Canvas Learning Management System (LMS) si mwen anfòm ase pou fè sa.

3

ITILIZE TEKNOLOJI

- Ni nan lekòl ni lakay, mwen pral itilize aparèy ke distri eskolè a ban mwen an, limite itilizasyon devwa, rechèch, e kominikasyon ki gen rapò avèk distri eskolè a.** Mwen konprann ke Distri a kontwole TOUT aktivite ki fèt nan aparèy ke Distri a ban mwen yo.
- Mwen konprann ke se responsablite mwen pou mwen asire ke aparèy ke Distri a ban mwen an rete an bon kondisyon e pou mwen pa ni domaje li ni pèdi li.
- Mwen pral asire ke aparèy Distri a ban mwen an toujou rete konplètman chaje nan kòmansman chak jounen lekòl.

4

SANTE SOSYAL, EMOSYONÈL, E MANTAL

- Mwen konprann ke adilt nan lekòl mwen an la pou ede m; mwen fè yon pati enpòtan nan kominote lekòl mwen an.
- Mwen kapap pale avèk pwofesè mwen, konseye, direktè, asistan direktè, lekòl mwen an, oswa nenpòt adilt konfyans si m ta remake mwen genyen estrès oswa pwoblèm.
- Mwen pral rete janti avèk kondisip klas e adilt ki nan lekòl mwen an. Mwen kapab espere pou lòt moun janti avèk mwen tou